

# PWOTEJE FANMI OU



## Kouvri kò ou!

- ✓ Mete chemiz manch long avèk pantalon long. Ti bebe ak timoun piti yo ta sipoze abiye ak rad ki kouvri tout pati posib nan kò yo.
- ✓ Dòmi anba yon moustikè.

## Mete pwodwi ki pouse marengwen

(Wi, li san danje epi l ap travay!)

- ✓ Toujou swiv enstriksyon yo sou etikèt la.
- ✓ Remete pwodwi ki pouse marengwen an sou ou jan yo mande w la.
- ✓ Aplike yon pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwonman (EPA) ki gen ladann youn nan engredyan aktif sa yo: DEET, picaridin, IR3535, lwil ekaliptis sitwon, para-menthane-diòl, oswa 2-undecanone
- ✓ Si w ap itilize krèm solèy tou, mete krèm nan avan epi mete pwodwi kont marengwen an apre.



## Pwoteje ti bebe oswa jèn timoun ou

- ✓ Toujou swiv enstriksyon yo lè w ap mete pwodwi pou pouse marengwen sou timoun yo.
- ✓ Kouvri bèso a, pousèt la, epi chèz ou pote ti bebe a ladann lan ak yon moustikè.
- ✓ Granmoun: Toujou swiv enstriksyon yo sou etikèt la. Flite pwodwi ki pouse marengwen an sou men ou yo epi aplike sou figi timoun nan. Pa aplike pwodwi ki pouse marengwen an sou men timoun yo, bouch yo, blese sou po yo, oswa sou po ki irite.



## Itilize pwodwi ki pouse marengwen san danje

- ✗ Pa flite pwodwi pou pouse marengwen sou po ki anba rad la.
- ✗ Pa flite pwodwi ki pouse marengwen sou tibebe ki gen pi piti pase 2 mwa. Pa itilize pwodwi ki gen ladann lwil ekaliptis sitwon oswa para-menthane-diòl sou timoun ki gen laj mwens pase 3 zan.



Pou plis enfòmasyon: [www.cdc.gov/zika](http://www.cdc.gov/zika)



U.S. Department of Health and Human Services  
Centers for Disease Control and Prevention